

# REKRITMAN:

- | KOWÒT ANSEYAN-LIDÈ
- | KOWÒT DIREKTÈ-LIDÈ
- | KOWÒT PARAN-LIDÈ

ANSEYE POU AYITI



# TAB MATYÈ

Enfòmasyon Jeneral: Vizyon, Misyon, Kwayans Nou .....	1
Zòn Entèvansyon & Enpak .....	2
Kowòt Anseyan-Lidè .....	3
Kowòt Direktè-Lidè .....	4
Kowòt Paran-Lidè .....	5
Enfòmasyon Enpòtan Pou Peryòd Rekritman.....	6



## **Vizyon nou**

Anseye Pou Ayiti ap envesti nan yon sistèm edikatif ayisyen ki bay tout sitwayen dwa ak bon jan kalite edikasyon. Nan APA, nou travay ak kominote yo pou n kreye yon rezo lidè sivik. Ansanm, n ap konstui yon sistèm edikasyon egalego ki chita sou istwa, valè, epi vizyon.

## **Misyon nou**

Misyon Anseye Pou Ayiti se ogmante rezulta lekòl ann Ayiti nan fè rekritman epi devlopman pwofesyonèl anseyan pou lekòl ki deja egziste. Ansèyman ansanm ak lidèchip transfòmasyonèl pral bay tout elèv konesans, konpetans ak mantalite y ap bezwen pou yo rive akonpli sa yo kapab fè gras ak menm chans yo tout ap jwenn, mennen yon lavi nan pwosperite youn ak lòt, epi pou yo bay patisipasyon pa yo nan yon sisyete ki pi eklere nan 21èm syèk la.


## **Kwayans nou**

- Anseye Pou Ayiti kwè tout timoun gen dwa pou yo resevwa bon jan kalite edikasyon.
- Anseye Pou Ayiti kwè avèk solidarite e lidèchip kolektif, nou ka amelyore sistèm edikatif la ann Ayiti.
- Anseye Pou Ayiti kwè lè nou respekte 3 « K » yo — kilti, koutim ak kominote — ann Ayiti, se baz pou lidèchip kolektif nan peyi a.



## Enpak

APA fonde an 2014 pou kreye yon mouvman ayisen ki mete egalite chans eskolè ak jistis sosyal an valè. Nou travay ak lekòl fondamental patnè an pwovens, sitou nan premye ak dezyèm sik. Aprenan nou yo ap retwouve yo sou plan akademik, anplis y ap ekipe pou yo reyisi kòm sitwayen-lidè pandan tout lavi yo tou. N ap devlope yon nouvo jenerasyon lidè pou transfòme kominote nou yo.



## Anseye Pou Ayiti, yon mouvman dirab

N ap envesti nan lidè ki gen bon jan kapasite, pou anbasadè nou yo (gradye nan pwogram APA) konble gwo mank nan kapasite sistèm edikasyon nou an. Anbasadè nou yo pral bon jan anseyan konpetan ki asire reyisit élèv lekòl, direktè lekòl, konseye pedagojik, ak moun ki nan sektè byenfezans e sektè komèsyal ki vle travay pou gen egalite nan zafè lekòl pou tout Ayisen. APA ankouraje lidèchip tout anbasadè nou yo – anseyan-lidè, paran-lidè, direktè-lidè – nan tout sektè sosyete ayisen an kòm defansè yon refòm edikatif ak sivik. Men anpil, chay pa lou !



## Kandida n ap chèche pou kowòt anseyan-lidè (pwogram 2 zan)

Kandida n ap chèche yo se moun kap viv ann Ayiti ki kwè nan misyon ak vizyon nou. Nou rekrite yon melanj inivèsité diplome (nòmalyen ladan tou) ak tout lòt disiplin, plis pwofesè aktyèl ki fè bakaloreya (Bac II).

Anseye Pou Ayiti ap chèche lidè pou lavni. Si misyon, prensip ak kwayans Anseye Pou Ayiti enterese w, nou ankouraje w ranpli yon fòmilè aplikasyon! Kontakte [application@anseypouayiti.org](mailto:application@anseypouayiti.org) pou plis enfòmasyon.

### Pwogram Anseyan-Lidè : Eleman Kle

**REKRITMAN:** Yon peryòd chak ane kote nou rekrite epi seleksyone yon gwoup moun pou kowòt yo.

**LEKÒL PATNÈ:** Yon lekòl patnè fondamantal ki egziste deja ann Ayiti (sitou nan zòn riral). Chak anseyan-lidè responsab yon sal klas kòm anseyan titilè pandan de (2) zan.

**DEVLOPMAN PWOFESYONÈL:** Yon fòmasyon obligatwa anvan kòmansman ane lekòl la (Imezyon Dete), aprè sa pwogram 2 zan nou an konsantre sou ansèyman ki pote transformasyon, lidèchip, chanjman sosyal ak pwomosyon kominate nou yo. Akonpayman yon kotch APA pou vizit ak obsèvasyon nan sal klas. Pandan de (2) zan, manm kowòt la benefisyè plis pase 400 è d tan devlopman pwofesyonèl e kotching.

**SIPÒ POU LIDÈCHIP GRADYE/ANBASADÈ YO:** Aprè 2 zan, anseyan-lidè ki konplete pwogram Anseye Pou Ayiti a vin gradye ki kapab chwazi tounen anbasadè aktif mouvman sa a ann Ayiti.

APA ap asire l li plase chak anseyan-lidè k ap resevwa devlopman pwofesyonèl nan lekòl ki gen klas fondamantal (preskolè jiska 6 AF) nan kominate patnè nou yo kote anseyan-lidè nou yo va bay bon jan kout men, nan amelyore rezulta lekòl yo epi nan transfòme direksyon lavi elèv yo. Anseyan-lidè APA yo pa la pou ranplase anseyan ki la deja, y ap la pou yo bouche twou vid epi ogmante kapasite lekòl ki deja ap fonksyoné.



## Kandida n ap chèche pou kowòt direktè-lidè (pwogram 1 an)

Kandida n ap chèche yo se direktè lekòl k ap viv ann Ayiti ki kwè nan misyon ak vizyon nou. Direktè a dwe an fonksyon pandan ane kowòt la epi genyen pou pi piti 2 zan eksperyans kòm direktè lekòl. Lekòl 1 ap dirije e li menm li dwe rete nan youn nan 4 zòn kowòt la ki se Mibalè, Gonayiv, Ench ak Gwomòn. Direktè postilan an dwe genyen bakaloreya (Bac II).

### Pwogram Direktè-Lidè : Eleman Kle

Apre rekritman ak seleksyon an, n ap òganize yon premye seyans imatrikilasyon kote n ap enfòme direktè ki seleksyone yo de tout detay pwogram nan.

Modèl la genyen 3 pati ladan:

**DEVLOPMAN PWOFESYONÈL:** Direktè yo suiv yon premye pati teyorik - 18 jou fòmasyon obligatwa pandan yon ane akademik. Premye pati sa a genyen modil sou edikasyon jeneral, jesyon patisipativ ak lidèchip transfòmasyonèl pou makònèn tout aktè eskolè yo (anseyan-lidè, paran-lidè ak direktè-lidè) nan yon menm konpreyansyon de ansèyman-aprantisaj la.

**AKONPAYMAN:** Estajyè kowòt la ap ede chak direktè akonpli objektif konesans, konpetans ak valè ki enpòtan pou yo sètifye kòm lidè transfòmasyonèl. Akonpayman sa a ap dire 5 mwa kote direktè-lidè a ap reyalize aktivite pou montre kapasite li nan lidèchip kolektif ak lidèchip komunitè.

**SIPÒ POU LIDÈCHIP GRADYE/ANBASADÈ YO:** Direktè-lidè yo ap vin gradye Anseye Pou Ayiti kote yo kapab suiv cheminman pou yo vin anbasadè aktif mouvman nou an.



## Kandida n ap chèche pou kowòt paran-lidè (pwogram 1 an)

Kandida n ap chèche yo se paran k ap viv ann Ayiti ki kwè nan misyon ak vizyon nou. Paran an dwe gen timoun lekòl pandan ane kowòt la (fòk li gen omyen 1 timoun ki gen plis pase 6 zan). Li dwe rete nan youn nan 4 zòn kowòt la (Mibalè, Gonayiv, Ench ak Gwomòn) epi pitit li dwe nan yon lekòl nan zòn sa yo. Paran kandida an pa bezwen te pase lekòl pou li suiv pwogram nan. Kèlkeswa klas yon paran te fè li kapab enskri nan pwogram nan.

### Pwogram Paran-Lidè : Eleman Kle

Apre rekritman ak seleksyon an, n ap òganize yon premye seyans imatrikilasyon kote n ap enfòme paran ki seleksyone yo de tout detay pwogram nan.

Modèl la genyen 3 pati ladan:

**DEVLOPMAN PWOFESYONÈL:** Paran yo suiv yon premye pati teyorik -18 jou fòmasyon obligatwa pandan yon ane akademik. Premye pati sa a genyen modil sou planifikasyon ak òganizasyon travay lakay, lidèchip transfòmasyonèl ak edikasyon jeneral pou makònèn tout aktè eskolè yo (anseyan-lidè, paran-lidè ak direktè-lidè) nan yon menm konprenansyon de ansèyman-aprantisaj la.

**AKONPAYMAN:** Estajyè kowòt la ap ede chak paran akonpli objektif konesans, konpetans ak valè ki enpòtan pou yo sètifye kòm lidè transfòmasyonèl. Akonpayman sa a ap dire 5 mwa kote direktè paran-lidè a ap reyalize aktivite pou montre kapasite li nan lidèchip kolektif ak lidèchip komunitè.

**SIPÒ POU LIDÈCHIP GRADYE/ANBASADÈ YO:** Paran-lidè yo ap vin gradye Anseye Pou Ayiti kote yo kapab suiv cheminman pou yo vin anbasadè aktif mouvman nou an.



# ENFÒMASYON ENPÒTAN POU PERYÒD REKRITMAN

1. Aplikasyon – soumisyon anvan dat limit (anliy oubyen kopi papye) pandan mwa mas
2. Peryòd seleksyon – egzesis ak entèvyou, jiska seleskyon finalis pou chak kowòt
3. Konfirmasyon final
4. Aktivite imatrikilasyon – pataj yon kontra adezyon; dat limit pou chak finalis pran yon desizyon final pou kenbe yon angajman epi respekte prensip mouvman Anseye Pou Ayiti.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram anseyan-lidè: 4895-4508 / 4237-8260

Pou plis enfòmasyon sou pwogram direktè-lidè ak paran-lidè: 3721-5883 / 3706-1432

**YON MOUVMAN POU EKIPE YON REZO LIDÈ AYISYEN POU  
TOUT TIMOUN JWENN BON JAN KALITE EDIKASYON.**



509-4895-4508 | [info@anseypouayiti.org](mailto:info@anseypouayiti.org) | [www.anseyepouayiti.org](http://www.anseyepouayiti.org)

